

REPUBLIQUE DU BURUNDI
REPUBLICA Y'UBURUNDI



MINISTRE DE L'INTERIEUR
UBUSHIKIRANGANJI BW'INTWARO
YO HAGATI MU GIHUGU

GUIDE DES ELUS COLLINAIRES

AGATABU-NDONGOZI K'INZEGO Z'INTANGO
ZITOREWE N'ABENEGIHUGU ZIJEJWE
INTWARO KU MITUMBA



Mai 2012
Rusama 2012

PREFACE

Quoique encore récente, la décentralisation a connu une importante mutation grâce à l'arsenal juridico-institutionnel mis en place ces dernières années par les pouvoirs publics du Burundi. Même si en raison du caractère évolutif de la démarche, cet arsenal reste à parachever, il ne cesse, néanmoins, de s'enrichir non seulement au travers d'une production normative assez soutenue, mais aussi par l'élaboration d'outils techniques et pratiques de nature à aider les acteurs locaux à mieux assumer leur difficile mais exaltante mission envers leurs populations.


En effet, au manuel de procédures administratives et financières qui a constitué un indispensable support managérial aux communes, s'est ajouté le Guide pratique de contrôle de tutelle qui sert de gouvernail aux autorités provinciales pour un meilleur monitoring de l'action de nos collectivités territoriales. Le présent guide collinaire procède de la même logique et entend répondre aux attentes légitimes de ces subdivisions de base et compléter ainsi le dispositif existant.

Faut-il rappeler ici, que l'une des caractéristiques les plus marquantes de la gouvernance territoriale au Burundi c'est qu'elle est allée au-delà du niveau communal pour créer des niveaux infra-communaux tenant compte ainsi de la réalité socio-spatiale du pays, marquée par la ruralité et l'atomisation extrême de l'habitat.

Sans être une entité personnalisée, la colline n'en est pas moins un démembrement de la commune dont elle assure le relai dans les endroits les plus éloignés des chefs-lieux des communes. C'est, aussi, un espace de participation et de renforcement de la démocratie locale.

A travers ce guide, le Ministère de l'Intérieur entend mettre à la disposition des acteurs locaux (collines, zones, communes et provinces) un outil didactique et pratique, pour permettre à ces entités de jouer pleinement leur rôle dans le développement territorial du pays.

Je les convie tous à en faire le meilleur usage pour le plus grand bien des populations locales.



Le Ministre de l'Intérieur

Honorable Edouard NDUWIMANA

IJAMBO RY'UGUSHIKIRIZA

Mu ntumbero yo kwubahiriza iringanizwa ry'ubutegetsi ry'aho abarundi bo ku mutumba kanaka bamyeye barangwa kuva kera, ibwirizwa shingiro rya Repuburika y'Uburundi riha ikibanza gikwiye umutumba wo shimikiro ry'inzego z'intango zirongora intwaro yo hagati mu gihugu, zitorewe n'abenegihugu.

Umutumba wa rusansuma rero ni igisata ca Komine gihuza abantu baba kure y'ibisagara, ababa mu rutoke, vyongeye ni ikibanza nyaco co gukomeza intwaro ishingiyeye kuri demokarasi kuva hasi.


Ukwegereza ubutegetsi abenegihugu ni igikorwa gitanguye vuba, kuko gitegekaniye mu bitabo bishasha vy'amategeko y'Uburundi. Ariko, kirakenewe kwunganirwa n'utundi dutabu dutanga inyigisho zifasha amakomine kwitunganya mu bihe tugezemwo. Hambavu y'igitabu kidondora ibijanye n'icungerwa, n'igenzurwa rya Komine, « akagatabu-ndongozi k'inzego z'intango zitorewe n'abenegihugu zijejwe intwaro ku mutumba », kaje hageze mu kwunganira intwaro y'uturere tugize inzego z'intango twiberamwo abenegihugu basangiye vyose. Si ivyimbeshere.

Mu vy'ukuri ikituraje ishingira, ni uko intwaro ibereye mu Burundi ibwirizwa kurengana Komine maze igashinga imizi muri utwo ducimbiri tugize imitumba ya rusasuma, muri irya mihana myinshi yegeranye isangiye urubibe rw'amatongo, isangira ivomo, eka isangira akabisi n'agahiye ko ku musi.

Ubushikiranganji bw'Intwaro yo hagati mu Gihugu, buronse akandi karyo ko gushikiriza muri aka gatabu, abakorera bose mu butegetsi bw'igihugu (mu mitumba, mu mazone, mu makomine n'amaporovensi), kuko ari igikoresho kibangutse kirimwo inyigisho zirashe zofasha abo bose, kugira icyo baterereye mu gusasagaza amahoro n'iterambere ry'igihugu cose, kuva hasi gushika hejuru.

Ndasavye abazokoresha ako gatabu ngo bakifashishe ku neza nyamukuru y'abanyagihugu bo bene igihugu.

TUGIRE AMAHORO.



Umushikiranganji w'Intwaro yo Hagati

Honorable Edouard NDUWIMANA.

INTRODUCTION

La décentralisation au Burundi a connu une mutation importante avec le tournant des Accords d'Arusha en 2000 et l'organisation des premières élections locales en 2005.

En même temps, une nouvelle organisation du territoire est instaurée par la Constitution de la République (articles 3 et 263) subdivisant les communes en zones et en collines, ces dernières étant administrées par des conseils élus au suffrage universel direct (article 265 de la Constitution).

La Loi communale précise les rôles de la zone et de la colline (article 4). Cette dernière joue un rôle fondamental dans l'animation de l'espace rural pour assurer un service public au plus près des citoyens. C'est, de surcroît, un espace de participation des populations et de renforcement de la démocratie locale.

Ce guide constitue un instrument pratique pour mieux comprendre les missions des institutions collinaires dans le dispositif territorial burundais et leur permettre de jouer pleinement leur rôle dans le développement local du pays.

INTANGAMARARA

Ishaka ryo gutunganya ukwegereza ubutegetsi n'ubushobozi abenegihugu rikomoka ku masezerano y'amahoro no gusubiza hamwe mu Burundi yabereye i ARUSHA mu mwaka wa 2000, kandi ni ryo shimikiro ry'iringanizwa ry'amatora ya mbere na mbere y'inzego z'intango yabaye mu mwaka wa 2005.

Bidatevye muri ico kiringo nyene, iringanizwa rishasha ry'intwari ryacye rishingwa n'ibwirizwa shingiro rya Repuburika y'Uburundi (mu ngingo zaryo za 3 na 263) aho rigabura amakomine mu mazone n'imitumba, maze iyo mitumba igategekwa n'abari mu nama y'Umutumba canke ya Karitiye bitorewe n'abenegihugu ubwabo (ingingo ya 265 y'ibwirizwa shingiro).

Ibwirizwa riringaniza ubutegetsi muri Komine riza muri iyo ntumbero rishimagira akamaro ka zone n'ak'umutumba (ingingo ya 4). Uruhara rwavyo ni ntangere mu kuremesha uducimbiri kugira ngo intwari yo hagati mu gihugu ibe hafi cane y'abenegihugu bahaba.

Vyongeye, ni ikibanza c'abantu bose baharangwa biyumvamwo ngo baterere urwo rwego mu gukomeza intwari ishingiye kuri demokarasi kuva hasi.

Kubera rero akamaro k'urwo rwego mu ntwari y'amakomine, aka gatabu ndongozi, karimwo ubumenyi bubafasha kwitegurira umurimo canke imirimo y'abarongoye izo nzego z'ubutegetsi zisanzwe zizwi mw'iringanizwa ry'intwari y'igihugu c'Uburundi mu kubunganira ngo barangure amabanga bashinzwe bagana iterambere ry'igihugu kuva hasi.

I. LE CONSEIL DE COLLINE

I.1. Comment est-il désigné et dans quelles conditions?

Les cinq (5) membres du Conseil de colline sont élus au suffrage universel direct (article 168 du Code électoral, article 34 de la Loi communale), c'est-à-dire qu'ils sont élus directement par l'ensemble des électeurs inscrits dans leur circonscription.

Les Conseillers de colline, ou de quartier, ont la particularité d'être élus non pas sur des listes des partis politiques, mais en tant que candidats indépendants.

Le Conseiller qui a recueilli le plus grand nombre de voix parmi les électeurs est élu chef de colline.

Pour être éligible, le candidat au Conseil de colline (article 170 du code électoral), doit remplir les conditions suivantes:

- être de nationalité burundaise;
- être légalement domicilié ou résident permanent de la colline;
- être âgé de 25 ans révolus, au moment de l'élection.

Chaque électeur doit inscrire sur un bulletin, préalablement cacheté et paraphé par le président du bureau de vote, une liste de trois noms choisis parmi les candidats au poste de Conseiller collinaire.

Sont proclamés élus, les cinq candidats qui ont obtenu le plus grand nombre de suffrages.

En cas d'égalité des suffrages, si les candidats sont du même sexe, le candidat le plus âgé est élu, si les candidats sont de sexe différent, le candidat du sexe le moins représenté est élu.

I.2. Quelles sont ses missions ?

Le Conseil de colline administre la colline (article 34 de la Loi communale).

I. INAMA Y'UMUTUMBA

I.1. Mbega itorwa gute? Mu buhe buryo?

Bamwe batanu (5) bagize inama y'umutumba bitorerwa n'abenegihugu (biri mu ngingo ya 168 y'ibwirizwa rigenga amatora, n'ingingo ya 34 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsu muri Komine), n'ukuvuga ko batorwa n'abenegihugu baje kandi biyandikishije mu bazotora aho umutumba ugarukira;

Abajenama b'umutumba canke ba karitiye, barangwa n'ikimenyamenya ko batorwa hatisunzwe intonde z'imigambwe, ahubwo ko bitoza ku giti cabo;

Umujenama aronse amajwi menshi gusumvya abandi bitoje, niwe atorwa kuba umukuru w'umutumba;

Kugira ngo yitoze, uwushaka wese kuba mu nama y'umutumba (biri mu ngingo 170 y'ibwirizwa ryerekeye igitabu c'amategeko agenga amatora), ategerezwa kukwiza ibi bikurikira:

- Kuba ari umurundi.
- Kuba afise urugo kuri uwo mutumba canke akaba ariho asanzwe aba.
- Kuba amaze gukwiza imyaka 25 y'amavuka umunsi w'amatora.

Uwutora wese ategerezwa kwandika kw'ikarata y'ugutora iriko ikidodo n'umukono vy'umukuru w'ibiro vy'itora, amazina y'abantu batatu(3) atoye mu bitoza mu kibanza c'umujenama w'umutumba;

Abatanganzwa ko batowe ni abitoje batanu barushije amajwi abandi;

Igihe hari abitoje banganiye amajwi, uwubarusha imyaka y'amavuka ni we aba atowe mu gihe basangiye igitsina. Iyo badasangiye igitsina, uwuri mu murwi w'igitsina c'abataserukiwe bikwiye ni we aba atowe.

I.2. Ivyo ijejwe ni ibihe ?

Inama y'umutumba irarongora umutumba (ingingo ya 34 y'ibwirizwa riringanizwa ubutegetsu muri Komine).

A ce titre, il a pour missions, sous la supervision du chef de colline (article 36 de la loi communale) :

1° De fixer, en concertation avec le Conseil communal, les mesures et conditions de réalisation des actions de développement et de sauvegarde de la paix sociale sur la colline (article 36 de la Loi communale, alinéa 1^{er}), ce qui implique:

a) Au niveau du Plan Communal de Développement Communautaire (PCDC), de :

- définir et prioriser les besoins de la colline dans le cadre du Plan Collinaire de Développement Communautaire et de les présenter au Comité Communal de Développement Communautaire (Ordonnance n°530/10182/CAB du 31/12/2007, portant création, organisation et fonctionnement des comités collinaires et provinciaux de développement communautaire);
- organiser l'élection par l'assemblée générale de la colline de ses 7 représentants devant siéger au sein du Comité de Développement Collinaire (CDC), au côté des 5 conseillers collinaires (Ordonnance n°530/10182/CAB du 31/12/2007, portant création, organisation et fonctionnement des comités collinaires et provinciaux de développement communautaire)
- contribuer, à la demande de l'Administrateur communal, et avec l'aide du CDC, à l'élaboration de la partie du Plan Annuel d'Investissement communal (PAI) qui concerne la colline ;
- participer aux réunions de suivi organisées par la commune sur l'état d'exécution du PAI et du PCDC.

b) Au niveau de l'éducation, de :

- désigner, en son sein, un représentant dans le (ou les) Comité (s) de gestion de l'école (ou des écoles) de son ressort territorial (instruction du Ministre en charge de l'enseignement de base et secondaire du 13/1/2012);

Kubera ico, irafise ivyo ijewe, ihagarikiwe n'umukuru w'umutumba (ingingo ya 36 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsu muri Komine). Na vyo ni ibi :

1° Gushinga, ivyumvikanywe n'inama ya komine, ingingo n'uburyo imigambi y'iterambere n'yo kubungabunga amahoro ku mutumba (ingingo ya 36 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsu muri Komine, agace ka1) ; ivyo na vyo bisaba ko :

a) Ku rugero rw'umugambi wa komine ujejwe iterambere (PCDC), hasabwa :

- Ukumunyekanisha, ufashijwe na Komite ijewe iterambere ry'umutumba, ivyo vyose umutumba ukeneye mu gusaba abenegihugu intererano yabo kugira ngo bafashe mu gushira ahabona ivyo vyose barangurira bagiye hamwe vyerekeye umutumba kanaka. (itegeko nshikiranganji inomeru 530/1082/CAB/ ryo ku wa 31 Kigarama 2007, rishinga, rigategekanya ingene amakomite y'imitumba n'ay'intara ajejwe iterambere rusangi akora) ;
- Ugufasha itorwa ribera mu nama y'ababa ku mutumba ry'abaserukira abandi , abantu indwi(7)muri Komite ijewe iterambere ku mutumba(CDC) ,bakorana na bamwe batanu(5) bitorewe ku mutumba (itegeko nshikiranganji inomeru 530/1082/CAB ryo ku wa 31 Kigarama 2007) ;
- Ukugena abaserukira abandi ngo bagire uruhara mu bikorwa vyo kurimbura ingene umugambi wa Komine ujejwe iterambere rusangi waranguwe (PCDC) ;
- Bisabwe na Musitanteri wa Komine, kwunganira bari kumwe na Komite ijewe iterambere ry'umutumba, mw'itegurwa ry'umugambi wo ku mwaka ku mwaka amatungo n'integabizoza mu buzima bw'ikomine (PAI) werekeye umutumba ;
- Kwitaba inama zose zo kugenzura ingene imigambi irangurwa ku mwaka ku mwaka (PAI) n'uwa Komine ujejwe iterambere rusangi (PCDC) yaranguwe, nk'uko bisabwa na Komine.

b) Ku rugero rw'indero n'inyigisho mu mashure, hasabwa:

- Kugena muri wo (inama y'umutumba) uw' uwuserukira muri Komite ijewe gutunganya ishure canke amashure akorera ku mutumba (itangazo ry'umushikiranganji w'amashure mato n'ayisumbuye ryo kuwa 13 Nzero 2012) ;

- participer, en collaboration avec la direction communale de l'enseignement, à l'élaboration de la carte scolaire (recensement des enfants en âge de scolarité et identification des emplacements pour l'implantation des écoles) ;
- participer à toute campagne de sensibilisation pour la scolarisation et l'alphabétisation, dans la colline ;
- assister la commune, en cas de besoin, dans la mobilisation des populations pour la contribution au financement des infrastructures scolaires.

c) Au niveau de la santé, de :

- assister les districts de santé, dans l'organisation de l'assemblée générale pour l'élection du comité de gestion du centre de santé ;
- contribuer en collaboration avec la commune et les services provinciaux de santé à l'élaboration de la carte sanitaire (identification des besoins et des lieux d'implantation des centres de santé) ;
- mobiliser les populations à l'occasion, des campagnes de vaccination, de dépistage de maladies ou de soins collectifs ;
- constater les épidémies et épizooties se déclarant dans la colline et en informer la commune par l'intermédiaire du chef de colline.

d) Au niveau de l'état-civil, de :

- sensibiliser les populations de la colline pour l'enregistrement des faits d'état-civil (naissances, mariages, décès, etc.);
- vérifier, à la demande de la commune le bien-fondé des demandes adressées à l'autorité provinciale pour la régularisation des actes d'état-civil non déclarés dans les délais légaux ;
- établir, à la demande de la commune, la liste des faits d'état civil non déclarés.

- Kugira uruhara, bafashanije n'ubuyobozi bujewe indero muri Komine mw'itegurwa ry'ikarata ryerekana aho amashure azoshirwa, hakurikijwe rusansuma rw'abana bashikanye imyaka yo kuja mw'ishure, n'ibibanza vyateguriwe kwubakamwo ayo mashure ;
- Kugira uruhara mw'isekeza ryo guhimiriza ukwijukira amashure no kwiga gusoma, kwandika no guharura ku benegihugu bo ku mutumba ;
- Gufasha ikomine, bibaye ngombwa, mu guhimiriza abenegihugu gutanga intererano yo kwubaka no guteza imbere amashure.

c) Ku rugero rw'amagara y'abenegihugu, hasabwa:

- Gufasha uturere tujewe amagara y'abantu mu makomine, mw'itunganywa ry'inama ya bose kugira hatorwe Komite nshingwabikorwa yo gutunganya ivuriro ;
- Kugira uruhara bafashanije na Komine n'ubuzi mu ntara bujewe amagara y'abantu, mw'itegurwa ry'ikarata ryerekana ahashingwa amavuriro no mw'itorokanywa ry'uburyo n'ibibanza vyo kwubakamwo amavuriro akenewe ;
- Guhimiriza abanyagihugu mu gihe c'isekeza ryo kwitaba incanco no kurwanya indwara z'ivyaduka canke igihe co gukinga indwara ;
- Kumenyeshya Komine, ku mukuru w'umutumba, indwara z'ivyaduka ziteye ku mutumba zifata abantu n'ibitungwa.

d) Ku rugero rw'ibiro vy'inyandiko ndangamuntu, hasabwa:

- Kwigisha abanyagihugu bo ku mutumba ukwiyandikisha mu bijanye n'inyandiko ndangamuntu (abavuka, abubatse, abapfuye...);
- Gusuzuma, bisabwe na komine, ineza y'abasavye abarongoye intara, kwisunga amategeko mu bijanye n'inyandiko ndangamuntu ziba igihe categekanyijwe cararenze ;
- Bisabwe na Komine, gutanga urutonde rw'ivyashitse vyerekeye inyandiko ndangamuntu bitashikirijwe ibiro bijewe inyandiko ndangamuntu.

e) Au niveau de la sécurité et de la tranquillité, de :

- informer l'Administrateur communal en cas de troubles de l'ordre public afin qu'il puisse prendre les décisions de police nécessaires et/ou requérir l'intervention des forces de police ;
- signaler à l'Administrateur communal toutes activités dangereuses ou incommodantes, toute détention d'armes à feu non autorisée et, de façon générale, toute menace à la sécurité publique et à la quiétude des populations.

f) Au niveau de la salubrité et de la protection de l'environnement, de :

- sensibiliser les populations locales sur la propreté et la salubrité de la colline et proposer à l'Administrateur communal de prendre toute mesure de police que le conseil juge nécessaire en matière d'hygiène et de protection sanitaire;
- veiller à la sauvegarde de l'environnement et à la protection des ressources naturelles de la colline et informer la commune de toutes les menaces et calamités naturelles;
- sensibiliser les populations contre les feux de brousses et les incendies et les signaler d'urgence à la commune;
- constater les infractions au code forestier (coupes ou exploitation non autorisées d'arbres), sur le territoire collinaire et en alerter l'Administrateur communal.

g) Au niveau foncier :

- désigner deux élus collinaires résident à proximité des lieux d'enquête pour prendre part aux commissions de reconnaissance collinaires au côté du chef de colline ou de son représentant (article 394 de la Loi n°1/13 du 9 août 2011 portant révision du code foncier du Burundi);
- effectuer toute démarche utile en vue du règlement à l'amiable des litiges fonciers.

e) Ku rugero rw'umutekano n'amahoro, hasabwa:

- Kumenyeshya Musitanteri wa Komine ibidurumbanya umutekano kugira afate ingingo zikenewe ahabwa n'amategeko canke atabaze abajejwe umutekano ;
- Kumenyeshya bisha na bisha Musitanteri wa komine, ibikorwa bibi bibangamiye umutekano, nk'abatunze ibirwanisho batabifitiye uruhusha, eka icyo cose muri rusangi gishobora guhungabanya umutekano n'amahoro y'abanyagihugu.

f) Ku rugero rw'isuku no kwitwararika ibidukijije, hasabwa:

- Guhimiriza abanyagihugu b'umutumba ku kamaro k'isuku no kuba heza, hamwe no gusaba Musitanteri wa Komine gufata ingingo y'igiporisi, inama y'umutumba isanze ikenewe, ngo habungangwe isuku n'intungamagara ;
- Kwitwararika ukubungabunga ibidukikije n'amasoko n'amashamba cimeza bisanzwe biri ku mutumba, no kumenyeshya Komine ivyo vyose bibangamiye ibidukikije harimwo n'impanuka ziturutse ku bihe;
- Kwihaniza abanyagihugu imiriro ya Nyakanga, kwirinda imiriro y'ivyaduka no kubimenyeshya ningoga komine, mu gihe ishitse ;
- Kutirengagiza amakosa ateye kubiriri n'igitabu c'amategeko agenga amashamba (uguca ibiti canke ukubaza ibiti biciye kubiri n'amategeko) aho umutumba ugarukira hose no guca babimenyeshya Musitanteri wa komine.

g) Ku rugero rw'amatongo, hasabwa:

- Kugena abajenama babiri(2) bo mu nama y'umutumba basanzwe baba hafi y'ahabera itohozwa ry'amatongo, ngo baje mu murwi wo kuyatororokanya ushingwa ku mutumba barongowe n'umukuru w'umutumba canke icariho ciwe (ingingo ya 394 y'ibwirizwa n°1/13 ryo ku wa 9 Myandagaro 2011 risubiramwo igiti abo c'amategeko agenga amatongo mu Burundi);
- Gufata intumbero nziza ikenewe mu gutatura amatati yerekeye amatongo biciye mu kwumvikanisha beneyo.

h) Sur un plan plus général, de:

- soutenir les travaux communautaires décidés par la commune, ainsi que toute initiative des populations pour favoriser le développement local ;
- assister la commune dans toutes les opérations de recensement qu'elle peut entreprendre et dans toutes autres missions à la demande de l'Administrateur communal et notamment dans les opérations de recensements fiscaux;
- surveiller les situations de précarité sociale et de famine au niveau des populations et participer aux enquêtes sociales que la commune et/ou les services de l'Etat pourraient entreprendre ;
- sensibiliser la population au planning familial et contre les gaspillages lors des fêtes coutumières (Conseil National de Sécurité du 16 mars 2012)

2° D'assurer, sur la colline, l'arbitrage, la médiation, la conciliation ainsi que le règlement des conflits de voisinage (article 36 de la Loi communale, alinéa 2), ce qui suppose de:

- surveiller les conflits de voisinage, les conflits domaniaux et fonciers, les conflits conjugaux et parentaux qui peuvent survenir et leur chercher les solutions adéquates;
- utiliser le pouvoir de conciliation, d'intermédiation et d'arbitrage en matière civile et commerciale pour résoudre ces conflits à l'amiable;
- empêcher que toute situation conflictuelle, dans la colline, ne dégénère en conflit, en intercédant entre les parties et en les persuadant d'accepter un règlement amiable ou, à défaut, de porter l'affaire devant la justice.

h) Ku rugero rwo mu buzima busanzwe, hasabwa:

- Kwigisha no guhimiriza abenegihugu kuvyara ku rugero no kudasesagura umwimbu n'ubutunzi bw'umuryango mu misi mikuru ya kera yataye igihe (Inama y'Igihugu y'umutekano yo ku wa 16 Ntwarante 2012);
- Gushigikira no kwitaba ibikorwa vy'iterambere vyategekanijwe na Komine, hamwe n'ibikorwa abenegihugu bibwirije gukora birondera iterambere ry'aho baba;
- Kwunganira Komine mu bikorwa vy'urusasuma no mu bindi bikorwa vyose bisabwe na Musitanteri wa Komine, nka birya vyerekeye rusansuma rw'ibiriha amakori;
- Kugenzura ibihe bitoroshe, vy'inzara n'impanuka mu benegihugu no gufasha mu matohoza yerekeye imibano y'abantu agirwa na Komine canke iri kumwe n'ubundi buzi bwa Reta.

2° Kunywanisha abo ku mutumba, mu kwumvikanisha no gutatura ababanyi batase ku mutumba canke bo muri karitiye (ingingo ya 36 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsu muri Komine, agace ka 2), na vyo bigasaba ibi bikurikira:

- Kugenzura amatati yo mu kibano, amatati yamuka ku matongo ya Reta n'amatongo y'abantu basanzwe, amatati aba hagati y'abubutse, hagati y'abavyeyi n'abana no kurondera kuyatorera umuti ubereye ;
- Kwifashisha ububasha n'ubuhinga bwo kunywanisha abantu, mu vyerekeye impari ziba mu matati asanzwe be no mu vyo kudandaza ;
- Kubuza ko amatati ashika ku mutumba yokwandurukamwo indwano, mu kuja hagati y'abatase no kubajijura ngo bemere umwumvikano, cabure bemere gushikiriza amatati yabo imbere ya Sentare.

3° De donner des avis sur toutes les questions concernant la colline (article 36 de la Loi communale, alinéa 3), ce qui implique que le Conseil de colline:

- soit de sa propre initiative soit à la demande de la commune ou des autorités provinciales, formule, auprès de la commune, des avis sur toutes les questions d'intérêt local et notamment:
 - l'implantation des équipements collectifs comme les infrastructures scolaires et sanitaires, les équipements socio-économiques, socioculturels, sportifs et de loisirs, la voirie, les réseaux d'adduction d'eau et d'électricité et les réseaux d'assainissement;
 - l'organisation des activités agricoles, pastorales, sylvicoles, halieutiques et de chasse;
 - l'élaboration et la mise en œuvre des schémas d'aménagement et des plans d'occupation du sol ;
 - les actions liées à la gestion de l'environnement et des ressources naturelles ;
 - toute action que la commune ou l'Etat sont amenés à exécuter dans le territoire collinaire.

4° De suivre, au nom de la population, la gestion de s affaires de la colline (article 36 de la Loi communale, alinéa 4); à ce titre, il doit notamment:

- proposer toute mesure de nature à améliorer le cadre de vie des populations de la colline ;
- suivre tous les projets réalisés dans la colline par les pouvoirs publics;
- exprimer aux autorités communales, par l'intermédiaire du Chef de colline, les préoccupations des populations locales;
- veiller à la sauvegarde des infrastructures et ouvrages publics implantés dans la colline.

3° Guterera ivyiyumviro ku bibazo vyose vyerekeye u mutumba canke karitiye (ingingo ya 36 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsi muri Komine, agace ka 3); ivyo navyo bigasaba ko inama y'umutumba ibikora:

- Ivyibwirije canke ibisabwe na Komine canke abategetsi bo mu ntara, irashikiriza Komine ivyiyumviro n'impanuro ku bibazo vyose vyega umutumba, nk'ivyerekeye:
 - Ugukwiragiza ibikoresho rusangi nk'inyubakwa z'amashure, z'amavuriro, ibikoresho vyo mu buzima bw'imibano n'ubutunzi, imico kama, inkino n'ukwinezereza, amabarabara, imiringoti y'amazi n'umuyagankuba n'imiringoti icanke imihora itwara imicafu;
 - Ugukwiragiza ibikorwa vy'uburimi n'ubworozi, uburovyi n'uruhigi;
 - Ugutegura no gushira mu ngiro ivyigwa vyo guca amabarabara, gushira abenegihugu mu birwati n'ivyo gutunganya imyonga kijambere;
 - Ibikorwa vyerekeye ugutunganya neza ibidukijije, amasoko n'amashamba cimeza;
 - Igikorwa cose Komine canke Reta yipfuzwa kurangurira ku mutumba;

4° Gukurikirana kw'izina ry'abenegihugu, itunganywa ry'ivyerekeye umutumba canke ikaritiye (ingingo ya 36 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsi muri Komine agace ka 4), kubw'ivyo itegerezwa kugira ibi bikurikira:

- Gushikiriza ingingo zose zofasha kwongereza akarusho ku buzima bw'abanyagihugu bo ku mutumba:
- Gukurikirana neza imigambi yose yo ku mutumba yashinzwe na Komine canke Reta;
- Gushikiriza abarongoye Komine, biciye ku mukuru w'umutumba, imyitwarariko y'abenegihugu irongoye;
- Kubungabunga ibikoresho vy'igihugu vyashizwe ku mutumba;

I.3. Comment fonctionne-t-il ?

Le Conseil de colline se réunit une fois tous les trois mois en session ordinaire sur convocation du chef de colline (article 35 de la loi communale). Il peut se réunir en session extraordinaire autant de fois que de besoin, sur initiative du Chef de colline, à la demande de l'Administrateur communal ou de son représentant ou à la demande de trois conseillers collinaires.

L'ordre du jour de la réunion est fixé par le Chef de colline qui est tenu d'y porter les questions soumises par l'Administrateur communal ou par son représentant et celles proposées par les conseillers collinaires.

Le Conseil de colline ne peut délibérer valablement que lorsque la majorité absolue de ses membres assiste à la réunion. Lorsqu'après une première convocation, le quorum n'est pas atteint, il n'est plus exigé à la seconde pour les questions qui figuraient à l'ordre du jour de la première convocation.

Les résolutions du Conseil collinaire sont prises à la majorité simple. Celles-ci sont susceptibles d'annulation, de reformation ou d'approbation par l'Administrateur communal dont relève la colline.

Les réunions du conseil de colline font l'objet de procès-verbaux signés du Chef de colline; ces procès-verbaux sont transcrits sur un registre des séances, coté et paraphé par le Chef de colline.

Les membres du Conseil de colline perçoivent des jetons de présence à la charge du budget communal (article 35 de la Loi communale) et dont les montants sont fixés par délibération du Conseil communal. Les jetons de présence ne sont dus qu'aux Conseillers effectivement présents aux réunions du Conseil de colline et sur présentation de la liste d'émargement signée par les membres présents.

Les communes prévoient dans leurs budgets des crédits pour la prise en charge des dépenses de fonctionnement occasionnées par les missions confiées aux conseils collinaires relevant de leurs ressorts territoriaux.

I.3. Mbega inama y'umutumba ikora gute?

Inama y'umutumba canke iya karitiye ikorana rimwe mu mezi atatu mu nama isanzwe itumweco n'umukuru w'umutumba canke wa karitiye (ingingo ya 35 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsu muri Komine).

Irashobora gukorana kandi mu nama idasanzwe, bisabwe n'umukuru w'umutumba, Musitanteri wa Komine, icariho ciwe canke abajenama batatu b'umutumba;

Ibizokwihwezwa mu nama bishingwa n'umukuru w'umutumba, maze nawe agategerezwa gushiramwo ibibazo vyarungitswe na Musitanteri canke intumwa yiwe, cabure ba bajenama batatu.

Inama y'umutumba ntishobora gufata ingingo yemewe atari iyo abenshi mu bayigize bahari muri iyo nama. Mu gihe inama ya mbere itumweco ntikwize igitigiri gisabwa, inama ya kabiri itumweco kugira ngo yihweze ibibazo vyari ku rutonde rw'inama ya mbere, igitigiri c'abahari ntikibuza yuko iyo nama ikorana.

Ingingo zipfundikwa n'inama y'umutumba zifatwa iyo abitavye inama barenga umwe ku ca kabiri c'abayigize. Mugabo, izo ngingo zirashobora gufutwa, guhindurwa canke zikemezwa n'inama ya Komine, uwo mutumba ukukira.

Amahuriro y'inama y'umutumba aragirirwa ivyegeranyo biriko umukono w'umukuru w'umutumba, maze ivyo vyegeranyo bikandikwa mu gitabo c'amanama, cemejwe n'umukuru w'umutumba.

Abagize inama y'umutumba canke ya karitiye barahabwa agashirikabute uko bakoranye kava mu kigega ca Komine, kandi ingene kangana bishingwa n'inama ya Komine (ingingo ya 35 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsu muri Komine). Ako gashirikabute gahabwa gusa abajenama bitavye amahwaniro y'inama y'umutumba, hasuzumwe urutonde rw'amazina yabo bateyeko igikumu.

Amakomine arategukanya igitigiri c'amafaranga akoresha ku mwaka, amafaranga yagenewe ibikorwa binaka ashobora gukoreshwa, harimwo n'amafaranga atuma inama z'imitumba zirangura imirimo zashinzwe muri komine yose.

I.4. Quelles sont ses relations avec la commune ?

Le Conseil de colline est placé sous le contrôle de la commune dont il exécute les décisions sur le territoire de la colline. A ce titre, le conseil collinaire:

- entretient des relations permanentes, par l'intermédiaire du Chef de colline, avec l'Administration communale pour recevoir des orientations de cette dernière et faire part des préoccupations de la colline ;
- reçoit copie des délibérations du Conseil communal et des actes de l'Administrateur communal qui concernent la colline et coordonne leur mise en œuvre avec la commune;
- accomplit toute mission que lui confie l'Administrateur communal;
- rend compte hebdomadairement à la commune, par l'intermédiaire du Chef de colline, des difficultés rencontrées dans sa mission et des événements survenus dans la colline.

I.5. Quelles sont ses relations avec le chef de zone ?

- En tant que représentant de l'Administrateur communal dans sa circonscription, le Chef de zone est l'animateur et le coordinateur des activités de développement initiées par la commune (article 47 de la Loi communale). A ce titre, il est investi d'une mission de coordination entre les collines relevant de sa zone ; sans que cela lui confère une quelconque autorité hiérarchique sur le Conseil de colline. Il peut être chargé par l'Administrateur communal de missions précises auprès du conseil de colline, dans le but notamment d'assister ce dernier dans l'exécution de ses missions ou de lui transmettre des directives et/ou de recueillir des informations ou des suggestions auprès de lui.

I.6. Comment remplacer un Conseiller collinaire en cas de vacance de son poste ?

Le mandat d'un Conseiller de colline prend fin dans les cas suivants (code électoral, article 177, Arrêté n°43/CENI, du 24 janvier 2012 portant procédure de remplacement des Conseillers communaux et collinaires):

- décès ;

I.4. Imigenderanire yayo na komine ni iyihe?

Inama y'umutumba ikukira ubutegetsu bwa Komine : irashira mu ngiro ingingo zerekeye umutumba, yubahiriza ubutegetsu bwa Musitanteri wa Komine. Kubera ivyo, inama y'umutumba :

- Yamana imigenderanire myiza n'ubutegetsu bwa Komine biciye ku mukuru w'umutumba, kugira imenyeshwe intumbero n'impanuro ziva muri Komine, nayo ishikirize ivyo umutumba ugonu.
- Iraronka ikopi y'ivyapfunditswe n'inama ya komine hamwe n'ibikorwa vya musitanteri wa Komine biraba umutumba, bagafashanya mu kubishira mu ngiro.
- Irangura, igikorwa cose Musitanteri wa Komine ayisavye gukora.
- Irameneysha kw'ikomine, biciye ku mukuru n'umutumba, ingorane zashitse mu kazi kayo hamwe n'ibindi vyashitse ku mutumba, uko indwi iheze.

I.5. Imigenderanire n'umukuru wa Zone ni iyihe ?

- Umukuru wa zone niwe aserukira Musitanteri muri zone ajejwe, ni we aremesha kandi agakurikirana ibikorwa vy'iterambere vyategekanijwe na komine (ingingo ya 47 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsu muri Komine). Kubera iyo mpamvu ashinzwe amabanga yo gukurikirana imitumba yose ikukira Zone ajejwe, naho bidashoka bimuha ubutegetsu ku nama y'umutumba. Ariko, arashobora gushingwa na Musitanteri amabanga atomoye akorana n'inama y'umutumba, mu ntumbero yo kuyifasha kurangura ivyo ijejwe canke kuyiha impanuro no kuyishikiriza amategeko canke guhanahana amakuru.

I.6. Mbega basubiriza gute umujenama w'umutumba atakiri muri urwo rwego ?

Ikiringo umujenama wo ku mutumba kirangira mu bihe bikurikira (ibwirizwa ryerekeye igitabu c'amategeko agenga amatora, ingingo ya 177, itegeko n°43/CENI ryo ku wa 24 Nzero 2012 rishinga ingene basubiriza abari mu nama ya Komine n'iyi ku mutumba) :

- bivuye ku rufu;

- démission ;
- inaptitude physique ;
- incapacité permanente et,
- déchéance consécutive à la perte d'une condition d'éligibilité ou,
- suite à la constatation de l'inéligibilité par délibération du Conseil communal.

La vacance de poste est constatée par décision de l'Administrateur communal à la demande du Conseil collinaire. Elle est communiquée au Gouverneur de Province qui en délivre un accusé de réception. Après la réception de l'accusé de réception par la commune, le candidat le mieux placé dans la liste constituée lors de l'élection du Conseil collinaire et qui remplit les conditions d'éligibilité, devient membre du conseil.

Le mandat des Conseillers de colline expire avec l'élection d'un nouveau Conseil de colline.

II. LE CHEF DE COLLINE

II.1. Quelles sont ses missions ?

Le chef de colline exerce, sous l'autorité de l'Administrateur communal, les missions suivantes:

- Il veille à l'application des lois, des règlements et des décisions des autorités communales dans sa colline;
- Il veille au maintien de la tranquillité et de l'ordre public ainsi qu'à la protection civile dans sa colline; à cet effet, il peut demander à l'Administrateur communal de requérir la force publique;
- Il assiste les autorités administratives dans la prévention des actes de nature à troubler l'ordre public;
- Il renseigne l'administration communale sur les événements de tous ordres survenus dans sa colline;

- ugutanga imihoho;
- atagishoboye burundu kurangura amabanga ajejwe biturutse ku magara;
- ugukurwa mu mabanga kubera atagikwije ibisabwa n'amategeko, kugira ngo atorwe;
- Habonetse igituma atari gutorerwa ayo mabanga;
- Ivyo vyose bikemezwa n'inama ya Komine.

Ibijanye n'umujenama w'umutumba atakiri mu mabanga bimenyekanishwa n'ingingo ya Musitanteri wa Komine bisabwe n'inama y'umutumba. Iyo ngingo ishikizwa Buramatari w'Intara aca atanga icemeza ko yayironse. Iyo omine ironse ico cemezo, uwukurikira ku rutonde rwagizwe igihe c'itora ry'inama y'umutumba akwije ibisabwa n'amategeko, niwe aca aja mu rwego rw'inama y'umutumba.

Ikiringo abari mu rwego rw'inama y'umutumba kirangirana n'itorwa ry'iyindi nama y'umutumba.

II. UMUKURU W'UMUTUMBA

II.1. Ivyo ajejwe ni ibiki?

Umukuru w'umutumba, ahagarikiwe na Musitanteri wa Komine, arangura imirimo ikurikira:

- Aragenzura ikurikizwa ry'amabwirizwa, ry'amategeko n'ingingo zifatwa n'abarongoye Komine, ku mutumba arongoye ;
- Ajejwe gusasagaza amahoro n'umutekano be n'ugukingira abenegihugu baba ku mutumba arongoye, arashobora no gusaba Musitanteri wa Komine gutabaza abajejwe umutekano ;
- Arafasha abashinzwe intwari mw'ikomine mu gukingira ivyo vyose bishobora guhungabanya umutekano n'amahoro w'abenegihugu ;
- Aratanga inkuru y'imvaho ku butegegi bwa Komine ku bintu vyose vyashitse ku mutumba;

- Il est l'animateur de la paix sociale et du développement dans sa circonscription; pour cela:
 - Il organise, au moins une fois par trimestre, une réunion ouverte à tous les habitants de la colline pour analyser la situation politique, sociale, économique et sécuritaire qui prévaut dans la colline et fait un rapport de cette réunion qu'il communique à l'Administrateur communal (article 37 de la Loi communale);
 - Il convoque l'assemblée générale de la colline pour la désignation de ses représentants au sein du Comité de Développement Collinaire (CDC);
 - Il prend part personnellement aux travaux de la commission de reconnaissance collinaire dans le cadre des enquêtes foncières ou y délègue son représentant ;
 - Il surveille, avec l'assistance des Conseillers collinaires, les situations conflictuelles qui surviennent dans sa colline et prend toutes dispositions pour les circonscrire ou en informer l'Administrateur communal;
 - Il coordonne et anime l'exécution des missions du Conseil collinaire.
- Il convoque et préside les réunions du Conseil de colline et en assure la police ;
- Il assure la conservation des documents du Conseil de colline;
- Il exprime auprès de l'Administrateur communal les besoins nécessaires au fonctionnement du Conseil collinaire dans la limite des crédits alloués par le budget communal au conseil de colline; les dépenses effectuées à ce titre obéissent aux procédures applicables aux dépenses de la commune ;
- Il atteste, à la demande de l'Administrateur communal, le bien-fondé des demandes d'actes de naissance non déclarés dans les délais légaux ainsi que les demandes d'actes de mariage et de décès ;
- Il assure une liaison permanente entre le Conseil de colline et la commune et représente la colline, ou se fait représenter, dans toutes les manifestations auxquelles la participation de celle-ci est requise

- Ni we asasagaza amahoro n'iterambere aho arongoye, kubera ivyoye:
 - Araringaniza rimwe mu mezi atatu, n'imiburiburi ikoraniro ry'abenegihugu bose baba kuri uwo mutumba canke iyo karitiye) kugira ngo bihweze ingene ivyerekeye intwari, ubutunzi n'umutekano vyifashe kuri uwo mutumba (ingingo ya 37 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsu muri Komine).
 - Aratumako ihwaniro rya bose ku mutumba ngo batore abazobaserukira muri Komite ijewe iterambere ku mutumba (CDC);
 - Araja gufasha we nyene ubwiwe mu bikorwa vy'umurwi wo ku mutumba ujeje gutorokanya amatongo ahari canke akarungika uwumuserukira;
 - Aracungera ari kumwe na bagenzibye bari mu nama y'umutumba ko amatati yaduka mu mihana iri ku mutumba arongoye, afatirwa ingingo yo kuyatorera inyishu kandi akamenyeshwa Musitanteri wa Komine,
 - Araringaniza, agashigikira irangurwa ry'amabanga ajeje inama y'umutumba, nkuko vyavuzwe hejuru;
- Arararika akongera akarongora amakoraniro y'inama y'umutumba kandi niwe ajeje umutekano wayo;
- Niwe ajeje kubika ibitabo n'izindi nzandiko z'inama yo ku mutumba;
- Niwe ashikiriza Musitanteri wa Komine ibikenewe vyose kugira ngo inama y'umutumba irangure amabanga ijewe mu gitigiri c'amafaranga Komine ikoresha, maze ibikorwa bituma hasohoka uburyo bw'amafaranga bigakurikiza indinganizo yo mu kigega ca Komine;
- Aremeza ibisabwa na Musitanteri wa Komine, ku neza y'abasaba kwandikisha abavutse batanditswe mu gihe gitegekanywe n'amategeko, hamwe n'ibindi bisabwa ku vyerekeye ababirana canke abapfuye;
- Niwe yama hagati y'inama yo ku mutumba na Komine kandi agaserukira umutumba, canke agatuma uwumuserukira mu bintu vyose aba akenewemwo;

En cas d'empêchement provisoire du Chef de colline, l'intérim est assuré par le Conseiller collinaire qui le suit dans l'ordre des suffrages obtenus lors de la dernière élection.

Pour l'exercice de ces missions, le Chef de colline perçoit, une indemnité exemptée d'impôts à la charge du budget communal et dont le montant est fixé par délibération du Conseil communal (article 37 de la Loi communale).

II.2. Comment remplacer le Chef de colline en cas de vacance de son poste?

Le mandat du Chef de colline peut prendre fin pour les mêmes causes que celles énumérées pour les Conseillers collinaires (Cf. point I.6.). La vacance de poste est constatée par décision de l'Administrateur communal à la demande du Conseil collinaire. Elle est communiquée au Gouverneur de Province qui en délivre un accusé de réception. Après la réception de l'accusé de réception par la commune, le candidat le mieux placé dans la liste constituée lors de l'élection du Conseil collinaire et qui remplit les conditions d'éligibilité devient d'office Chef de colline.

Le mandat du Chef de colline expire avec l'investiture d'un nouveau Chef de colline.

Mu gihe afatiriwe igihe gitoyi, asubirirwa n'umujenama w'umutumba akurikira basuzumye igitigiri c'amajwi yaronse mu matora aheruka.

Mu gihe akirangura amabanga ajejwe, umukuru w'umutumba araronka agahembo ata kori gatangwako ahabwa na Komine kandi igitigiri cako gishingwa n'inama ya Komine (ingingo ya 37 y'ibwirizwa riringaniza ubutegetsi muri Komine).

II.2. Mbega basubiriza gute umukuru w'umutumba ata kiri muri ayo mabanga?

Ikiringo c'umukuru w'umutumba kirashobora kurangira kubera imvo zisa na zimwe zavugwa ku mujenama w'umutumba atakiri muri urwo rwego (raba 1.6.).

Muri ico gihe, uwukurikira mu kibanza ca kabiri mu majwi yabonetse mu gihe c'amatora ry'inama y'umutumba, ni we aca azoba umukuru w'umutumba, nk'uko bitegekanijwe ku bajenama b'umutumba. Ingene hafatwa ingingo:

Musitanteri wa Komine niwe ashinga ingingo imenyeshya ko umukuru w'umutumba ata kiri muri ayo mabanga, bisabwe n'inama y'umutumba, bikemezwa na Buramatari w'intara. Buramatari w'intara araheza agatanga ico cemezo kwa Musitanteri na we akabimenyeshya uwukurikira akwije ibisabwa n'amategeko ku rutonde rw'abajenama batowe.

Ikiringo c'umukuru w'umutumba kirangira umukuru w'umutumba mushasha ashikirijwe amabanga y'uwahahora.